# ESSE JAZÍW KÓNLIKPESIN JETILISTIRIW TEXNIKASÍ

**Tursımuratova Rano,**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń*
*I basqısh tayanısh doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903401

***Annotaciya.*** *Maqalada esse jazba jumıs túri, onıń qaraqalpaq tilin oqıtıwda áhmiyeti haqqında qısqasha anıqlamalar keltirildi. Jazba sawatlılıqtı asırıwda esseniń ornı, esse jazıw qaǵıydaları menen texnikalarına dıqqat awdarıldı. Oqıwshılar esse jazıw usılları, ámel etiw kerek bolǵan jazıw texnikalarına itibar bergen halda jazıw arqalı óz pikirlerin qısqa, dál jetkerip beriwge úyrenedi. Sonday-aq teziste ilimiy ádebiyatlarǵa súyengen halda jazba sawatlılıqtı rawajlandırıwǵa baylanıslı usınıslar berilgen.*

***Gilt sózler:*** *esse, jazba sawatlılıq, sawatlılıqtı rawajlandırıw, pikir, dálillew.*

***Аннотация.*** *В статье даны краткие определения вида эссе и его значения в преподавании каракалпакского языка. Внимание было уделено роли эссе в повышении письменной грамотности, а также правилам и техникам написания эссе. Учащиеся учатся излагать свои мысли кратко и точно, обращая внимание на методы написания эссе и техники письма, которые необходимо соблюдать. В диссертации также даны рекомендации по развитию письменной грамотности на основе научной литературы.*

***Ключевые слова:*** *эссе, письменная грамотность, развитие грамотности, размышление, аргументация.*

***Annotation.*** *The article provides brief definitions of essay writing and its importance in teaching the Karakalpak language. Attention was paid to the role of essays in improving written literacy, the rules and techniques of essay writing. Students learn to convey their thoughts concisely and accurately through writing, paying attention to essay writing techniques and the writing techniques to be followed. The dissertation also provides recommendations for the development of written literacy based on scientific literature.*

***Keywords:*** *essay, written literacy, literacy development, thought, argumentation*

Oqıwshılardıń jazba sawatlılıǵın asırıw maqsetinde hám ózlestirip atırǵan bilimlerin baqlaw ushın mektep oqıwshılarınan diktant, bayan hám shıǵarma jumısları alınıp kelgen bolsa, házirgi kúnde (2020-jıllardan baslap) joqarǵı 10-11-klaslar ushın esse qaraqalpaq tilin oqıtıwda keń qollanılmaqta.

Esse baqlawdıń bir túri bolıp, esse - fransuz tilinde “essai” – “tájiriybe”, inglis tilinde “essay” – umtılıw, dóretiwshilik sınaq, ocherk; latınsha “exagium” – “oylaw” degen mánisti ańlatadı. Esseniń maqseti - oqıwshını belsene pikirlewge úyretiw, óz oy-pikirlerin dálillewge bágdarlaw, til elementlerinen orınlı paydalanıw arqalı pikirdi durıs jetkerip beriw kónlikpelerin qáliplestiriw [1.11.].

Esse erkin kompoziciya tiykarına qurılatuǵın, dúzilisi tárepinen ıqsham prozalıq dóretpe bolıp, kórkem-publicistikalıq janrdıń bir túri. Esse arnawlı bir joba tiykarında jazılmaydı. Esse jazılıw maqsetine qaray ádebiy hám dóretiwshilik esse bolıp bólinedi. Milliy sertifikat ushın argumentli (dálillengen) esse jazıladı, onıń

kompoziciyası kirisiw, tiykargı bólim hám juwmaqtan turadı. Ulıwma sózler muǵdarı 200-250 sóz bolıwı usınıs etiledi.

Kirisiwde temanı logikalıq hám stilistikalıq jaqtan baylanıstırıp ayqınlastırıladı. Bul basqıshta temanı dóretiw ushın sorawdı durıs qoyıw áhmiyetli. Mısalı, bul orında oqıwshı "Kirisiw bóliminde bul temaǵa maǵlıwmat beriw kerek pe?", "Men tańlaǵan temanıń aktuallıǵı qanday dárejede?", "Men esse jazıw dawamında óz pikirimdi dálillew ushın qanday dereklerge tayanaman?", "Men gilt (tayanısh) sózden kelip shıqqan halda tezis qoya alaman ba?" sıyaqlı sorawlardı óz aldına qoyıwı hám sonıń átirapında pikir júrgizgeni maqul. Esseniń kirisiw bólimi keminde eki abzactan ibarat bolıwı hám hár bir abzacta eki-úsh gáp jazılıwı múmkin. Bunda shaqırıq, úndew, jeke tájiriybege súyeniw, ritorikalıq sorawlardan "Shınında, qaysı biri áhmiyetlirek?" sózlerinen paydalanıw orınlı bolıp tabıladı.

Tiykarǵı bólim – temanıń teoriyalıq tiykarı hám sorawdıń mazmunın bayanlawshı bólim. Bunda temaǵa say barlıq bilimler, tiykarǵı pikir hám mashqalaǵa baylanıslı dálil hám faktler jıynalǵan bolıp, onda dáliller, xabarlar, túrli statistikalıq maǵlıwmatlardan paydalanıp, tema jazıladı, kóterilgen mashqalanıń kelip shıǵıw sebepleri anıqlastırıladı. Bul process bir qansha quramalılaw boladı. Sol sebepli, tiykarǵı bólimdi bir neshe kishi bólimlerge bóliw múmkin. Hár bir bólimdi dáliller tiykarında jazıw tiykarǵı sorawǵa juwap tabıwǵa kómeklesedi. Oqıwshınıń keltirilgen fakt hám dálillerdi salıstırıp, óz kózqarasların tallaw arqalı kórsetip barıwı tiykarǵı bólimniń tolıq sáwleleniwine múmkinshilik beredi.

Bólimlerge durıs ajıratıw hám izbe-izlik penen bayanlaw temanıń sáwleleniwindegi logikalıqtı támiyinleydi.

Dáliller – oqıwshı tárepinen aytılǵan pikirdi tastıyıqlaw ushın keltiriletuǵın kóshirme (naqıl, citata, qosıqtan úzindiler hám t.b). Qoyılǵan teziske keminde eki dálil keltiriliwi kerek.

Tiykarǵı bólimdi jazıw ushın kerekli maǵlıwmatlardı bayanlaw processinde qóyılıp atırǵan máselege oqıwshınıń jeke qatnasın bildiriwshi, sonıń menen birge, *meninshe, meniń pikrimshe, birinshiden, ekinshiden, sol sıyaqlı, sonday eken, biraq, onday bolsa* sıyaqlı sózlerden paydalanıw orınlı boladı.

Juwmaq – tema boyınsha juwmaqlawshı gápler bolıp, onda jańa pikir hám usınıslar bildirilmeydi, bálkim dálillerge tiykarlanıp juwmaq shıǵarıladı hám onı sheshiw jolları kórsetiledi. Esseniń juwmaqlawshı bóliminde tiykarǵı bólimde berilgen mashqalanıń sheshimi tastıyıqlanadı hám temanıń mazmunı ashıladı. Juwmaqlawshı bólimde tómendegi sózlerden paydalanıladı: *men sonday juwmaqqa keldim..., juwmaqlap aytqanda...* hám t.b.

Esse jazıwda tómendegilerge itibar beriw kerek:

1. Kirisiw hám juwmaqlawshı bólimdegi pikir tiykarǵı máselege tıǵız baylanıslı boladı. Mısalı, kirisiw bóliminde "Men ... haqqında sonı aytpaqshıman" dep baslansa, juwmaqlawshı bólimde "Men ... juwmaqqa keldim" sıyaqlı tamamlanadı.

2. Esse kólemine itibar beriw. (200-250 sózden ibarat boladı. Kirisiw 60-70 sóz, tiykarǵı bólim 100-130 sóz, juwmaq 30-40 sóz).

4. Essede bir ǵana tema átirapında pikir júritiledi. Onda bir ǵana pikir ortaǵa taslanadı hám rawajlandırıladı. Onıń bir neshe tema hám bir qansha ideyası bolmawı kerek.

5. Esse jazıwda bir qáliptegi sózlerden paydalanıw, sózlerdi qısqartıp jazıw, júzeki juwmaq shıǵarıwdan abaylı bolıw kerek. Esse tili salmaqlılıqtı talap etedi. Bunda esse temasın ashıp beriw, kólemin hám maqsetti anıq belgilep alıw áhmiyetli.

6. Essede kórkem toqıma hám fantaziya bolmaydı. Onda ádebiy til stillerinen durıs hám orınlı paydalanıladı.

7. Esse abzaclarǵa durıs ajıratılıwı kerek. Esseni jazıp bolǵan soń, onı qayta-qayta oqıp shıǵıw usınıs etiledi.

8. Ensiklopediya hám túrli dereklerden alınǵan maǵlıwmatlar óz ornında qollanılıwı kerek. Keri jaǵdayda, esseniń kórkemligi hám tásirsheńliligine ziyan etedi.

Esse jazıwda tómendegi talaplarǵa qatań ámel qılıw kerek:

- jeke qatnastıń bildiriliwi;
- tezis - gilt sózdi durıs anıqlaw;
- faktli dáliller (argumentler);
- teoriyaǵa tıykarlanıw;
- atamalardı óz ornında qóllanıw;
- citatalar keltiriw;
- logikalıq nizamlıqtıń saqlanıwı;
- salıstırıw hám juwmaqlaw usıllarınan paydalanıw;
- sawatlılıq (stil, imla, irkilis belgileri);
- yumor, ótkir satira;
- paydalanılǵan ilimiy dereklerge siltemeler. [2. 422.]

Esseniń kólemi ıqsham bolǵanı ushın pikir-usınıs bildiriwde uzınnan-uzaq bayanlawdan shekleniw, keltirilgen maǵlıwmattı mayda-shúydesine shekem bayanlawdan saqlanıw, bir aytılǵan pikirdi taǵı qayta tákirarlawǵa jol qoymaw kerek. Bunday túrdegi qospa gápler ornına qısqa hám ıqsham bayanlaw usılın qollanǵan maqul.

Juwmaqlap aytqanda esse oqıwshılardıń oylaw uqıplılıǵın asırıw menen birge, pikirlerin jetkerip beriw, óziniń sol temaǵa qatnasın kórsete alıw hám jazba sawatlılıǵın rawajlandırıwǵa úlken tásir etedi. Oqıwshılar esse jazıwdıń joqarıda keltirilgen texnikalarına ámel etken halda jazsa, óz pikirlerin izbe-izlikte, qısqa hám dál jetkerip beriwge úyrenedi.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Z. Isaqova. Esse yozish qoidalari. Uslubiy ko‘rsatma. – Namangan, 2023. – 11-bet.
2. S. Mirfayzova. “Til o‘qitishda yozma savodxonlikni rivojlantirish. Esse yozish bo‘yicha tavsiyalar”. “Yangi O‘zbekiston taraqqiyotida tadqiqotlarni o‘rni va rivojlanish omillari” nomli respublika ilmiy-amaliy onlayn konferensiyasi. 19-to‘plam 2-son May 2025. – 418-423-betlar.